## YAN ÑOOY SAY WAREEFU DALAL?

Amna solo nga wax dëgg kilifa yi te nga nekk benn ak ñoom, bu fekkee ni sax yenn saay dafay raglu wala mu jafe ngay nettali sa mbir.

Njaatige bi/aji teewal ji ak ligeeykat yi mën nañu la dimbali bu fekkee xam nañu sa tolluwaay.



Yenn ci wareef yi nga wara sàmmuwanteel ñoo nekk ci suuf.

- ✓ Sàmmoo leen ak tërëlini berab bi ngeen dal.
- ✗ Buleen dawee ci berab bi leen kilafa yi waxoon ngeen dal.
- ✓ Topp yooni réew mi leen ligeeykat yi ak aji njaatige yi/aji teewal ji leeralal.

## LAN MOOY XEW BOO SÀMMOOWUL AK SAY WAREEF?

Kilifa yi dinañu saytu sa tolluwaay ginaaw gi ñu la yëgalee yaw ak sa aji njaatige/aji teewal ji fas yéenee jël ay matuwaay.

Bu loolu amee, mën ngeen wax ci lu leer ak njaatige bi/aji teewal ak ligeeykat yi tamit te ngeen leeral seen tolluwaay.

Kilifa yi mën na am ñu jël dogal ci:

- nga wara jot ndimbal yu néew, ci misaal ci boo ubbeeku wul ak kilifa yi.
- nga wara ñàkk yenn ci ndimbal yi ngay jot ci boo amee melokaan bu ànd ak fitna.



Xeetu ndimbal yi ngay jot mi ngi aju ci sa tolluwaay ak ci say soxla.

